22130643

International Baccalaureate®
Baccalauréat International
Bachillerato Internacional

**SHONA A: LITERATURE – STANDARD LEVEL – PAPER 1**
**SHONA A : LITTÉRATURE – NIVEAU MOYEN – ÉPREUVE 1**
**SHONA A: LITERATURA – NIVEL MEDIO – PRUEBA 1**

Wednesday 8 May 2013 (morning)
Mercredi 8 mai 2013 (matin)
Miércoles 8 de mayo de 2013 (mañana)

1 hour 30 minutes / 1 heure 30 minutes / 1 hora 30 minutos

---

INSTRUCTIONS TO CANDIDATES

- Do not open this examination paper until instructed to do so.
- Write a guided literary analysis on one passage only. In your answer you must address both of the guiding questions provided.
- The maximum mark for this examination paper is *[20 marks]*.

INSTRUCTIONS DESTINÉES AUX CANDIDATS

- N'ouvrez pas cette épreuve avant d'y être autorisé(e).
- Rédigez une analyse littéraire dirigée d'un seul des passages. Les deux questions d'orientation fournies doivent être traitées dans votre réponse.
- Le nombre maximum de points pour cette épreuve d'examen est *[20 points]*.

INSTRUCCIONES PARA LOS ALUMNOS

- No abra esta prueba hasta que se lo autoricen.
- Escriba un análisis literario guiado sobre un solo pasaje. Debe abordar las dos preguntas de orientación en su respuesta.
- La puntuación máxima para esta prueba de examen es *[20 puntos]*.





© International Baccalaureate Organization 2013

https://xtremepape.rs/

*Nyora mhenenguro yendima* ***imwe*** *chete. Unosungirwa kushandisa mibvunzo miviri inoenderana nendima yawasarudaza kuumba mhenenguro yako.*

**1.**

**Kusvika pamariro**

MAI FARAI:
Vasikana chinyaradzai chikwee chenyu,
Tarisai tave kutosvika,
Vanhu vanozoona setisina shungu.
Rufu harusekwi,
Rufu haruna rusaruro,
Haruna nhovo kana bako,
Haruna divi,
Mangwana zvinesuvo.

MAI TENDAI:
Apo wataura wena,
Ngatimbosiyai zveny'ambo.
Mai Sekai ndimi muchatanga kuchema,
Kuya kwaMatanda ndimi makaiparamura.

MAI SEKAI:
Ndibvire zvangu!
Ndizvo mungafira kuti mai Sekai vacheme?
Nhasi handichemi,
Tingasva tasvika takati mhodyo.
Handisi radhiyoka ini.
Mai Farai munombotangavo.

MAI FARAI:
Vasikana chitangaizve veduwe …
Chiregai hangu nditange;
Nhai mhaiwe-e!
Zvakaita zvokudiniko!
Wakavadyireiko chisingaripwi
Kuzokutorera chimhandara chako?
Yowe-e, maiwe-e!



https://xtremepape.rs/

MAI SEKAI:
Musadaro vasikana,
Haasi musikana—
Chikomana chindumurwa;
Ndodiniko nhandi Jehovha!
Mati atadzeiko muchecheyu?
Zvaanga azviwanira babazve!
Zvazvinorwadzazve nhai Mwari!
Munopireyi nezidyi muchibvuta noruboshwe?
Zvariri zindakupa zindakutorera …

Renias Mashiri, *Tipeiwo Dariro* (1994)

(a) Kuenzanisa zvinoita vanhukadzi uye zvinotarisirwa kuti vanhukadzi vaiite kuchinge kwafiwa zvinobatsira sei kunzwisisa nhetembo?

(b) Ongororora kusevenzeswa kwezvidavado mumutaturo zvinenge fananidzo uye kusetsa kuti kwabatsirei munhetembo?



https://xtremepape.rs/

**2.**

Hama, kune manana atakaona kuno naMubhabhatidzi. Takatyaira Toyota Venture yaJosiya takananga kuhotera inonzi Murula Sun. Uko takaenda nekune rumwe rukisheni runodaidzwa kuti Soshanguvhe. Tave pakati parwo rukisheni takaona vakomana vaingunotamba pamharadzano panosungirwa kuti dhiraivha ari wose ambomira asati apfuurira. Dhiraivha anonzi anofanira kunyatsoona kuti hakuna imwe motokari yave kupfuura here. Zvisinei, vakomana vaive pamharadzano apa tingati vane makore gumi namasere kana gumi namapfumbamwe. Tasvika pamharadzano yetatu Josiya akamisa motokori achitarisa kuti hakuna dzimwe motokari here. Motokari yakamira kudaro gonhi raJosiya rakavhurwa nechimbichimbi pfuti ndokutendeka pamutsipa. "Tipe makiyi! Makiyi! Makiyi! Buda! Buda!" mumwe wavakomana ava aingunodaidzira. Motokari yakabva yangodzima. Pachidaidzirwa kudaro pfuti yakarira. Kuratidzika kwayo yainge AK 47. Unoizivaka iwe, yataishandisa muhondo iya? Josiya akabva aurukira pasi ndokubva asimudza maoko mudenga achiratidza kuti haasi kurwisa. Neinzwi rinoshoshoma, inzwi rizere nokutya Josiya akati, "To-o to … torai henyu." Vakabva vamusundira kunze kwemugwagwa. Hama, chiso chomunhu mupenyu chinosvava chigochena sechomunhu asina kuzora mafuta nguva yechando. Miromo yaJosiya yakachena.

Iniwo ndakauruka ndokubva ndamira somunhu abatwa nechiveve. Ndainge ndiri kuona madzangaradzimu. Muviri wakagwagwadza, kuhuta zvokuhuta zviya izvi. Dikita rakaerera. Mabvi akapera simba. Unoziva, takazonyatsoti pepu motokari yatoenda. Taingoinzwa ichivhetemeswa ichitinhidzwa zvokuti yaifamba zana ramakiromita paawa imwe chete iyo iri mugiya rechipiri. Kwechinguva chakati kuti hatina kukwanisa kutaudzana. Pfungwa dzomumwe nomumwe wedu dzainge dzadhanganyika. Dzaitenderera kunge chihwerure. Hama, zvokutorerwa motokari izvi taingonzwa dziri ngano. Zuva iri takazvionera pamhuno sefodya. Shamwari, pfuti yakaipa.

Zvisinei, takatarisa kudzimba kuti tione vanhu vatingabvunza kune kamba yamapurisa. Waiona aniko, shamwari yangu? Parwakanzwa bara ruzhinji rwakabva rwangonyangarika chiriporipocho. Akange ave makonzo aona kiti.

D E Mutasa, *Nyambo DzeJoni* (2000)

(a) Zviitiko zviri mundima nezvakaitika kumunyori muhondo zvinobatsira sei mukunzwisisa chinyorwa?

(b) Ongororora kusevenzeswa kwezvidavado mumutauro zvinenge fananidzo uye kuwedzeredza kuti kwabatsirei muchinyorwa ichi?



https://xtremepape.rs/